दिन—शनिवार

दिनांक—17.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ

अवधि— 05 मिनट

---

कोलकाता मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालक घटना के लऽकऽ भारतीय चिकित्सक संघ आईएमए के देशव्यापी हड़तालक कारण राज्यक सरकारी अस्पताल सभ मे स्वास्थ्य सेवा गंभीर रूप सँ प्रभावित भेल अछि। राज्य मेडिकल कॉलेजक जूनियर आ रेजिडेंट डॉक्टर लोकनि कार्यस्थल पर चिकित्सक लोकनिक सुरक्षा के लऽकऽ काज ठप्प कऽ देलनि अछि। पटना मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल—पीएमसीएच, नालंदा मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल—एनएमसीएच आ इंदिरा गाँधी इन्स्टीट्यूट ऑफ मेडिकल साइंस पटना आ एम्स पटना मे ओपीडी सुविधा के बंद हेबाक कारण मरीज लोकनि के विशेष दिक्कत झेलऽ पड़ि रहल अछि। कतेको अस्पताल सभ मे आपातकालीन सेवा सभ पर सेहो असरि पड़ल अछि।

---

हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि अछि जे चिकित्सक लोकनिक हड़ताल सँ जिला अस्पताल सभ मे सेहो स्वास्थ्य सेवा प्रभावित भेल अछि। बेतिया के जीएमसीएच अस्पताल सहित विभिन्न अस्पताल सभ मे आउटडोर सेवा पूर्णरूपेण बंद अछि। दरभंगा मे चिकित्सक लोकनि जुलूसक माध्यम सँ अपन आक्रोश व्यक्त कयलनि अछि।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय प्रदर्शनकारी डॉक्टर लोकनि के हुनक सुरक्षा सुनिश्चित करेबाक लेल सभ संभव प्रयास करबाक आश्वासन देलक अछि। मंत्रालय व्यापक जनहित मे डॉक्टर लोकनि सँ काज पर घुरबाक आग्रह सेहो कयलक अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे स्वास्थ्यकर्मी लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक उपाय पर सुझाव देबाक लेल एक समिति बनाओल जायत। नव दिल्ली मे आइ फेडरेशन ऑफ रेजिडेंट डॉक्टर एसोसिएशन आ इंडियन मेडिकल एसोसिएशन सहित कतेको संगठनक प्रतिनिधि लोकनि केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री सँ भेट कयलनि। मंत्रालय प्रतिनिधि लोकनिक मांग के सुनलक बाद हुनका स्वास्थ्यकर्मी लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करेबाक लेल सभ संभव प्रयास करबाक आश्वासन देलक अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे कोलकाता मे डॉक्टर के संग भेल दुष्कर्मक घटना मामिला मे राज्य सरकार जिम्मेदारी सँ काज नहि कयलक। ओ पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री ममता बनर्जी पर ऐहेन मामिला मे सेहो राजनीति करबाक आरोप लगौलनि। श्री मांझी एहि मामिला मे केन्द्र सरकार सँ हस्तक्षेप के अपील कयलनि अछि।

---

भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय पदाधिकारी लोकनिक महत्वपूर्ण बैसक आइ नव दिल्ली मे भऽ रहल अछि। पार्टी अध्यक्ष जे.पी नड्डा के अध्यक्षता मे आयोजित बैसक मे पार्टीक सदस्यता अभियान आ संगठनात्मक चुनाव के संग–संग अगिला विधानसभा चुनावक तैयारी सभ पर सेहो चर्चा कयल जा रहल अछि। लोकसभा चुनावक बाद भाजपा पदाधिकारी लोकनिक ई पहिल पैघ बैसक अछि।

---

बेगूसराय जिलाक बखरी थाना क्षेत्र अंतर्गत शकरपुरा मे अपराधी सभ एक सीएसपी संचालक सँ दू लाख उनसठि हजार टाका लूटि लेलक। जनतबक अनुसार मोटरसाइकिल सवार तीन अपराधी सभ एहि लूटक घटना के अंजाम देलक। पुलिस घटना स्थल पर पहुँचि कऽ मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे राज्य सरकार खेल आ खेलाड़ी सभक विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार आइ राजगीर खेल परिसर के इंडोर आ आउटडोर स्टेडियम के निरिक्षण कयलनि। एहि दरमियान ओ अंतर्राष्ट्रीय क्रिकेट स्पोर्टस् अकादमी सह निर्माणाधीन स्टेडियम के सेहो अवलोकन कयलनि। मुख्यमंत्री अधिकारी लोकनि के बचल निर्माण काज के शीघ्र  पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। ओ कहलनि जे एतऽ विश्वस्तरीय सुविधा उपलब्ध कराओल जायत। जाहि सँ राज्य मे खेलक वातावरण तैयार होयत आ प्रतिभावान युवक लोकनि के विशेष अवसरि भेटत।

---

रेलवे आइ सँ जयनगर सँ टाटानगर के मध्य साप्ताहिक ट्रेनक परिचालन शुरू कऽ रहल अछि। ई ट्रेन आइ सांझ सात बाजि कऽ तीन मिनट पर मधुबनी के जयनगर सँ टाटानगर के लेल प्रस्थान करत। ई ट्रेन दरभंगा, समस्तीपुर, बरौनी, जसडीह, धनबाद आ बोकारो होयत टाटानगर पहुँचत। ई सप्ताहिक ट्रेन अछि जे हरेक शुक्र दिन टाटानगर सँ आ शनि दिन वापसी मे जयनगर सँ खुजत। विदित अछि जे काल्हि टाटानगर सँ जयनगर के लेल ई ट्रेन सेवा शुरू भऽ चुकल अछि।

---

राज्यक दक्षिण–पूर्व आ उत्तर–पूर्व भाग मे बंगालक खाड़ी सँ सटल क्षेत्र सभ मे चक्रवातीय परिसंचरणक स्थिति बनि रहल अछि। जकर प्रभाव सँ अगिला अड़तालीस घंटा मे एहि क्षेत्र सभ मे कतेको ठाम वर्षा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, गोपालगंज आ सीवान सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत राज्यक उत्तर–मध्य आ पश्चिम भाग मे किछु ठाम मेघगरजबाक आ ठनका खसबाक आशंका अछि।

---

पूर्व आईएएस अधिकारी गोरखनाथ कांग्रेस मे सम्मिलित भऽ गेल छथि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश सिंह पटना मे पार्टी कार्यालय मे आयोजित समारोह मे हुनका पार्टी के सदस्यता दियौलनि।

---

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय आइ शोध प्रवेश पूर्व परीक्षा–पैट दू हजार तैईस के परिणाम घोषित कऽ देलक अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।